

BAB V

KACINDEKAN JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Ieu skripsi judulna “Ajén Éstética dina Kasenian Topéng Banjét Pendul di Désa Lemahduhur Kecamatan Tempuran Kabupatén Karawang pikeun Bahan Pangajaran Bahasan Budaya di SMA Kelas XI”. Ieu panalungtikan nyoko kana pedaran ajén éstética dina kasenian Topéng Banjét “Pendul”. Métodeu panalungtikan nu dipaké nya éta métodeu dészcriptif kualitatif, sarta maké téhnik studi pustaka, observasi, wawancara, jeung studi dokuméntasi. Dina prosés panalungtikan kapanggih sababaraha hal, di antarana: gambaran kasenian Topéng Banjét “Pendul”, unsur-unsur seni nu nyampak dina kasenian Topéng Banjét “Pendul”, ajén éstética anu nyangkaruk dina kasenian Topéng Banjét “Pendul”, jeung larapna hasil panalungtikan kasenian Topéng Banjét “Pendul” pikeun bahan pangajaran bahasan budaya di SMA kelas XI.

Kesenian Topéng Banjét “Pendul” mangrupa kasenian tradisional dina wanda *pertunjukan*. Kasenian Topéng Banjét “Pendul” diadegkeun taun 1912 ku Abah Sairan. Dina enas-enasna mah ieu kasenian ka-*inspirasi-an* ku topéng Cirebon jeung Jawa. Nu ngabédakeun kasenian Topéng Cirebon jeung Jawa, di Karawang mah ditambahan kecap banjét. Kecap banjét sorangan nepi ka ayeuna euweuh nu apal hartina, éta mah sakur hiji ciri pikeun ngabédakeun jeung Topéng Cirebon jeung Jawa. Kecap “Pendul” sorangan nyokot tina ngaran kembang peuteuy, sabab di Désa Lemahduhur seueur tangkal peuteuy. Ieu kasenian téh némbongkeun kamahéran seniman dina ngibing tari banjét, maénkeun waditra, jeung midangkeun lalakon.

Unsur-unsur seni nu ngadeudeulan pintonan kasenian Topéng Banjét “Pendul” ngawengku seni rupa (busana), seni musik (waditra), seni tari, seni drama, jeung seni sastra. Seni rupa (busana) dina kasenian Topéng Banjét “Pendul”, nya éta kembang sayang, baju kutung, sabuk rumbay, sinjang, geulang, manset, jeung kaos kaki. Seni musik (waditra) anu digunakeun dina kasenian Topéng Banjét “Pendul”, nya éta kecrék, kendang, angkog, kenong tilu, jeung

rebab. Seni tari nu digunakeun nya éta tari banjét. Gerakan nu aya dina tari banjét miboga sababaraha istilah, nya éta keupat, kewér, mincid, selut, jeung uyeg (gitek jeung géol). Seni drama anu dipaké dina pintonan luyu jeung kabutuhan pintonan, tapi lolobana mah nyaritakeun ngeunaan tokoh jawara pikeun némbongkeun watek urang Karawang nu heuras tapi leuwih kana kahadéan. Seni sastrana aya dina “*Pantun Aileu*” jeung lalakon “*Dendam dua saudara*”. “*Pantun Aileu*” ieu nyaritakeun ngeunaan kasono hiji wanoja ka jajaka nu keur ngumbara jauh, sedengkeun lalakon “*Dendam dua saudara*” mah nyaritakeun lalakon jawara Karawang nu resep tutulung kanu butuh jeung nalang kana susah. Lalakon “*Dendam dua saudara*” mangrupa lalakon carita anu kainspirasian tina dongéng jawara Karawang anu geus kasohor di kalangan seniman Karawang. Judul dongéngna téh nya éta “*Ridon Jago Drawolong*”. Dongéng “*Ridon Jago Drawolong*” mangrupa salahsiji dongéng Jawara Karawang anu sumebarna sacara lisan.

Dina prosés panalungtikan kapanggih sawatara ajén éstética saperti ajén éstétis atawa ajén murni jeung ajén ekstra éstétis atawa ajén tambahan. Éta ajén inajén téh bakal katitén dina tari banjét, busana anu digunakeun, waditra anu dipaké, jeung lalakon carita anu dipintonkeun.

Ajén éstética anu nyangkaruk dina kasenian Topéng Banjét “Pendul” bisa jadi salahsiji alternatif bahan pangajaran, hususna matéri bahasan budaya. Dina pangajaran basa Sunda di SMA kelas XI aya pangajaran bahasan budaya, jadi ieu matéri ngeunaan ajén éstética anu nyangkaruk dina kasenian Topéng Banjét “Pendul” di Désa Lemahduhur Kecamatan Tempuran Kabupaten Karawang bisa dilarapkeun dina pangajaran bahasan budaya anu luyu jeung Kurikulum2013.

5.2 Rékoméndasi

Dumasar kana kacindekan, aya sawatara saran pikeun lajuning laku ieu panalungtikan kasenian Topéng Banjét “Pendul” di Désa Lemahduhur Kecamatan Tempuran Kabupaten Karawang. Dipiharep ieu hasil panalungtikan ngeuyeuban kana kasenian tradisional nu aya di Jawa Barat, hususna kasenian nu aya di Kabupaten Karawang. Sangkan ieu kasenian teu tumpur, aya sababaraha saran nu

ditujukeun ka: 1) mahasiswa; 2) guru; 3) masarakat; jeung 4) lembaga-lembaga kasenian nu dikokolakeun ku pamaréntah.

- Mahasiswa salaku akademisi dipiharep pikeun diajar jeung neuleuman kasenian Topéng Banjét “Pendul”, sarta ngayakeun deui panalungtikan nu leuwih jero ngeunaan kasenian Topéng Banjét “Pendul” di Désa Lemahduhur Kecamatan Tempuran nu terus mekar. Sabab loba ajén-ajén nu bisa dijadikeun papagon hirup, sarta loba perkara nu bisa ditalungtik tina kasenian Topéng Banjét “Pendul” kalayan maké tiori-tiori nu geus aya.
- Guru dipiharep bisa ngawanohkeun kasenian Topéng Banjét “Pendul” ka siswa sangkan siswa bisa apal kana budaya karuhunna nu miboga ajén-ajén nu hadé. Guru ogé dipiharep bisa mekarkeun kasenian Topéng Banjét “Pendul”, sangkan bisa dilarapkeun kana bahan pangajaran luyu jeung kréativitasna dina nyadiakeun bahan ajar, sakumaha nu didadarkeun dina *Rencana Pelaksanaan Pembelajaran (RPP)*.
- Masarakat Jawa Barat umumna sarta masarakat Karawang hususna dipiharep bisa ngawariskeun kasenian Topéng Banjét “Pendul” ka generasi ngora, sangkan ieu kasenian teu tumpur ku kaayaan jaman. Generasi ngora di dieu dipiharep bisa ngajaga jeung ngamekarkeun kasenian Topéng Banjét “Pendul”, sangkan bisa dipikawano jeung dipikaresep ku masarakat jaman ayeuna.
- Lembaga-lembaga kasenian nu dikokolakeun ku pamaréntah dipiharep sangkan leuwih merhatikeun kana budaya jeung seni, hususna kasenian-kasenian nu aya di Jawa Barat. Salian ti ngainvén tarisir, pamaréntah dipiharep merhatikeun seniman jeung barang senina, nya éta ku cara méré bantuan dana jeung mantuan ngawanohkeun ieu kasenian ka masarakat umum.